

Pou Piblikasyon Imedya: 04/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAPOLIS ETA A TE ARETE 225 MOUN POUTÈT YO AP KONDWI SAN YO PA AN ETA PANDAN WIKENN JOUNEN MEMORYAL LA

Manm Patwouy yo Bay Plis Pase 13,000 Tikè Pandan Kanpay Pou Konbat Moun Ki Ap Kondwi Pandan Yo Sou Oswa Yo Pa An Eta Pandan Wikenn Jounen Memoryal la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Lapolis Eta a te bay 13,693 tikè epi li te arete 225 moun poutèt yo te ap kondwi san yo pa an eta pandan wikenn Jounen Memoryal la (Memorial Day), kòm yon pati nan peryòd ranfòsman sikilasyon STOP-DWI a. Inisyativ lan, ki te vize chofè ki pa an eta epi ki ensousyan yo, te kòmanse Vandredi 24 Me a epi li te kontinye jiska Lendi 27 Me a.

"Mesaj nou an senp: Si ou chwazi kondi apre ou fin bwè oswa itilize dwòg, nou ap rann ou responsab", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nou pa pral tolere trajedi ki ka prevni ke chofè ki pa an eta ak ensousyan yo, epi nou pral kontinye ranfòsman agresif nou an pou rann wout yo plis an sekirite pou tout moun ki ap itilize yo."

Sipè-entandan Pwovizwa Lapolis Eta a, Keith M. Corlett te deklare, "Rezilta kanpay ane sa a yo montre ke twòp moun ap pran movèz desizyon, epi yo al kondwi pandan ke yo entoksike oswa pa an eta akòz dwòg yo. Nou pa gen okenn tolerans pou konpòtman sa a, epi Manm Patwouy nou yo pral rete vijilan pou retire moun ensousyan sa yo sou wout nou yo."

"Wikenn Jounen Memoryal la ta dwe yon moman pou selebre kòmansman sezon lete a epi amize yo ak zanmi yo ak fanmi yo, men byen twò souvan bon moman yo rakousi akòz yon trajedi san bezwen moun ki ap kondwi san yo pa an eta epi ki iresponsab yo lakòz", **Komisè Pwovizwa Depatman Veyikil ak Motè yo (Department of Motor Vehicles) ak Prezidan Pwovizwa Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee), Mark J. F. Schroeder, te deklare**, "Nou rekonesan ak Lapolis Eta New York ak tout ajans fòs lòd yo pou efò sansès yo pou reprime moun ki ap kondwi san yo pa an eta epi ki ensousyan pou rann otowout nou yo pi an sekirite posib pou tout moun."

Pandan kanpay STOP-DWI 54 èdtan an, ke Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a te finanse a, Lapolis Eta New York te ogmante patwouy yo epi yo te mete pwen kontwòl pou moun ki sou yo pou dekouraje, idantifye epi arete chofè ki pa an eta yo.

Manm Patwouy Eta yo te arete 225 moun pou DWI epi yo te mennen ankèt sou 134 aksidan ki te gen domaj sou moun, yo te lakòz 190 moun te blese ak kat (4) moun mouri. Nan kad ranfòsman lwa yo, Manm patwouy yo te sible tou chofè k ap kondwi ak

eksè vitès epi ki agresif yo atravè tout Eta a. Anba a gen yon echantiyon kantite tikè yo te bay yo:

Eksè Vitès: 3,855

Kondi Distrè: 392

Vyolasyon senti sekirite: 3,327

Vyolasyon Lwa Mete ou Akote a: 267

Manm patwouy yo te itilize veyikil Lapolis Eta a ki Idantifye ak veyikil Ranfòsman Sikilasyon ki gen Idantite Kache (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) kòm yon pati nan operasyon sa a. Veyikil CITE yo pèmèt yon Manm patwouy pi byen obsève vyolasyon sikilasyon yo akòz yo melanje ak sikilasyon odinè a men yo klè kòm veyikil ijans yon fwa limyè ijans lan aktive.

Nan wikenn Jounen Memoryal la an 2018, Manm patwouy yo te arete 234 moun poutèt yo t ap kondwi san yo pa an eta, epi yo te bay 13,318 tikè an total.

Ou ka jwenn rezilta ranfòsman Patwouy yo nan okazyon Jounen Memoryal 2019 la [isit la](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)